



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LOREYA PRI OFISYE LAPOLIS DE LANE ETA NEW YORK LA

Yo te Onore Twa Manm nan Depatman Lapolis Syracuse la pou Kouraj ak Bravou yo

Ofisye ki t ap Reponn Apèl yo te Konfwonte Bal yo te Tire sou yo Avan yo te Reyisi Arete Sispèk la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke twa manm nan Depatman Lapolis Syracuse la te resevwa Prim Ofisye Lapolis de Lane Eta New York la (New York State Police Officer of the Year Award). Yo te onore Lyetnan James Milana, Ofisye Victoria Losurdo ak Ofisye Travis Rheinheimer paske yo te apreyande yon nonm ak zam ki te tire sou Lyetnan Milana - bal la te frape vit devan machin li toupre tèt li - epi nonm lan te kontinye tire sou li ak sou lòt ofisye yo apre yo te reponn apèl ki te fè yo konnen gen yon moun ak zam jou 4 Fevriye 2018 la.

"Ensidan sa a montre danje ke zam afe ilegal poze pou ofisye lapolis yo ak pou kominote a epi fason enprevizibilite ke ofisye yo konfwonte nenpòt lè yo reponn a yon apèl pou sèvis", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Twa ofisye sa yo sèvi kòm egzanp ki montre kisa sèvi ak pwoteje vle di. Pandan n ap rekonèt yo jodi a, n ap onore tou anpil milye ofisye lapolis ke travay yo fè chak jou kontribiye pou mete New York nan pozisyon kòm gran eta ki pi sekirite nan nasyon an."

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te prezante ofisye yo prim lan yo nan non Gouvènè a pandan yon seremoni ki te fèt nan Komisarya Santral Syracuse la (Syracuse Police Headquarters) maten an. Pou prezante pri a, li t akonpaye ak Michael C. Green, Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta a ak Prezidan Komite Seleksyon Ofisye Lapolis de Lane a (Officer of the Year Selection Committee), ak Komisè Lapolis Syracuse la, Kenton T. Buckner. Lyetnan Milana ak Ofisye Losurdo ak Rheinheimer ansanm ak Ofisye Lapolis Syracuse Kelsey Francemone kòm sèl loreya pri sa nan ajans lan, ke yo te prezante pou lapremyè fwa 35 ane pase. Ofisye Francemone te premye fanm yo te onore kòm sèl loreya yo te onore lè li te resevwa Prim Ofisye Lapolis de Lane a an 2016.

"Lè yon nonm ak zam t ap tire nan yon ri vil la san reflechi, ofisye sa yo te pase alaksyon pou yo apreyande sispèk la epi sove lavi anpil moun", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a, te deklare.** "Nou gen chans pou n gen ofisye devwe tankou moun brav sa yo ki mete lavi yo an danje chak jou pou pwoteje kominote nou yo epi kenbe nou an tout sekirite. Nou dwe yo, ak tout premye sekouris yo, yon gwo dèt gratitud pou volonte yo paske yo mete sèvis avan pwòp tèt yo."

Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Green te deklare, "Kle reyisit misyon nou nan DCJS se sipò nou bay ajans fòs lapolis yo. Gras a travay sa a, nou wè pèsònèlman devouman ak pwofesyonalis fanm ak gason ki te chwazi fè karyè yo nan lapolis. Nou wè tou sakrifis ofisye sa yo - ak fanmi yo - fè jis pou yo ka pwoteje nou tout. Se yon lonè pou m sèvi kòm prezidan Komite Seleksyon an epi pou n onore ofisye sa yo pou bravou yo".

Komisè Lapolis Vil Syracuse, Kenton T. Buckner te deklare, "Depatman Lapolis Syracuse la santi nou beni gras a yon mendèv fanm ak gason pwofesyonèl ki pran angajman pou yo pwoteje sitwayen yo nan gran vil nou an. Jou 4 Febriye 2018 la, Sèjan - ki vin yon Lyetnan kounye a - Milana, Ofisye Losurdo ak Ofisyer Rheinheimer te montre yon kalite bravou ak pwofesyonalis eksepsyonèl pandan yo t ap jere yon nonm ki te gen yon zam nan men l. Malgre sispèk la te tire sou yo plizyè fwa, yo te an mezi arete l. Se avèk anpil plezi m ap klere limyè sou aksyon nan tout eta a nèt".

Pandan pwosesis nominasyon twa ofisye yo pou prim lan an 2018, Lapolis Syracuse la te rakonte evènman ki te pase jou 4 Febriye 2018 la nan fason ki annapre a:

Ofisye Losurdo te premye moun ki te reponn a yon apèl sou yon nonm ki gen yon zam nan South Salina Street toupre West Calthrop Avenue. Li te wè yon moun ki sanble kòm si l te kenbe yon bagay nan senti epi li te mande pou l kanpe epi montre men l yo. Li te refize. Pandan Ofisye Losurdo t ap angaje ak moun lan, Ofisye Milana, ki te Sèjan Twazyèm Peleton an (Third Platoon) lè sa, te rive sou sèn lan. Li te kanpe machin patwouy li kèlke mètr onò kote moun lan te kanpe a, san bouje ant nonm lan ak Ofisye Losurdo.

Avan Lyetman Milana te soti nan machin lan, nonm ak zam lan te rale yon pistòl semi-otomatik nan senti l epi li te tire plizyè bal sou li. Bal yo te frape tèt ak vit devan machin lan, toupre tèt Lyetnan Milana. Moun lan te kouri travèse South Salina Street nan direksyon ranp toupre a pou rantre sou I-81, kote l t ap tire sou zepòl li nan direksyon Lyetnan Milana ak Ofisye Losurdo, ki te tire sou li tou. Ofisye Travis Rheinheimer te rive sou sèn lan pou l ede kòlèg ofisye parèy li yo. Moun lan, ke yo te tire omwen yon fwa, te kontinye kouri pou l sove, kote l te jete zam afe li a, sote yon barikad epi li te eseye kache avan lòt ofisye yo te arete l. Agresè a, ke yo te idantifye sou non Leon Thomas apres a, te plede koupab pou atanta asasina nan kòmansman ane sa a, epi l ap sèvi yon kondanasyon 23 zan.

Yo te kreye Prim Ofisye Lapolis De Lane a an 1984 pou yo rekonèt yon sèl ofisye lapolis, oswa pou yo rekonèt yon ekip ofisye ki te fè aksyon ki gen bravou eksepsyonèl, ki senbolize sèvis lapolis nan Eta New York la. Depi kreyasyon prim lan, Komite Seleksyon an te chwazi 120 ofisye ki soti nan 19 ajans pou yo bay lonè a. Pami ofisye lapolis sa yo, yo te onore 69 apre yo te mouri, pami yo 23 ofisye ki soti nan Depatman Lapolis Vil New York la (New York City Police Department) ak 37 manm Depatman Lapolis Port Authority a ki te mouri pandan atak teroris World Trade Center a jou 11 Septanm 2001 an.

Uit lòt ajans te nomine ofisye yo pou prim lan: moun ki site annapre yo pral resevwa yon Sètifika Bravou Eksepsyonèl (Certificate of Exceptional Valor) nan men Gouvènè Cuomo:

Sèjan Daniel Waer, Ofisye Cameron Auffant ak Ofisye Dilann Chewens nan Depatman Lapolis Catskill Village: Jou 21 Jen, ofisye yo te reponn yon ensidan vyolans domestik pandan yon nonm t ap tante antre nan yon apatman manman pitit li. Li te tire de rafal bal, men li pa te touche pèsòn. Lè ofisye yo te rive sou sèn lan, nonm lan te toujou kenbe yon zam afe chaje. Moun lan te kouri lè l te wè ofisye yo, ki te an mezi metrize li epi yo te arete l.

Ofisye Depatman Lapolis Vil East Greenbush, Trevor J. LaGrave: Jou 15 Jen an, Ofisye LaGrave t ap fè patwouy lè yon rezidan te kanpe l, bwi yon machin te reveye rezidan an paske chofè a te travèse pase sou plizyè gazon devan kay moun avan l te al frape nan yon pye bwa epi li te pran dife, chofè a te bloke anndan machin lan li pa te ka soti. Ofisye LaGrave, gras a èd rezidan an, te an mezi rale chofè a soti nan machin lan an tout sekirite.

Sou-Chèf Biwo Cherif Konte Erie a, John Dunn ak Shane Miller: Jou 5 Out la, de sou-chèf yo ak yon lòt ofisye te reponn a yon apèl sou yon moun ki te brake yon fizi a kanon siye, nan yon ponp gazolin yo trè frekante nan vilaj Springville. Pandan sou-chèf yo t ap parèt, moun lan te tire sou machin yo. Twa ofisye yo te konfwonte nonm lan epi yo te mande l pou l rann tèt li. Lè li te refize epi li te kontinye brake zam li an, sou-chèf yo te tire sou li tou; men moun lan pa t mouri malgre blesi bal yo.

Ofisye Depatman Lapolis Irvington, Arcangelo F. Liberatore: Jou 29 Avril la, pandan li pa te an sèvis nan yon pak vil nan Mt. Pleasant, Ofisye Liberatore te wè yon koyote ki t ap atake yon jèn fi britalman. Li te entèvni, konbat, lite epi apres a peze bèt la atè - epi annapre yo te detèmine bèt la te anraje - li te kenbe l atè a jiskaske ofisye lapolis ki soti nan Depatman Lapolis Mt. Pleasant yo te rive epi yo te an mezi touye bèt la. Pandan lit la, Ofisye Liberatore ak tifi a, ki te gen 5 an lè sa, yo tou de te blese epi yo te bezwen al pran tretman imedyatman nan yon lopital lokal.

Enspektè Depatman Lapolis Vil New York, Brian Glacken ak Christopher Williams: Jou 1ye Jiyè a, enspektè yo, manm 1ye Inite Sèvis Ijans lan (Emergency Services Unit 1), te reponn a yon apèl soun yon moun ki soufri twoub emosyonèl nan pye Estati Libète a nan pò New York la. Enspektè yo, ki t ap travay dekonsè ak Inite Pòtyè Lapolis Vil New York la (NYPD Harbor Unit) ansanm ak Lapolis Pak Etazini an (U.S. Park Police), te elabore yon plan pou apwoche fanm lan. Pandan enspektè yo t ap pale avèk li, ekip repons taktik la te mete ekipman sekirite an plas, yo te egzekite plan an epi yo te arete fanm lan.

Gad Forè Divizyon Pwoteksyon Forè (Division of Forest Protection) Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Richard D. Franke Jr.: Jou 4 Out la, Gad Forè Franke t ap fè patwouy konjwen sou Rivyè Delaware la ansanm ak Gad Sèvis Pak Nasyonal yo (National Park Service Rangers) lè yo te resevwa yon rapò ke te gen yon fanm ki t ap fè raftin ki te bloke ant yon bout bwa ak yon rado. Apre yo te rive sou sèn lan, yo te atache Gad Forè Franke ak yon kòd nan bato patwouy la epi li te antre an dlo a, kote l te sove fanm lan ak 10 lòt moun ki t ap fè raftin nan dlo fon ak kouran rapid la.

Manm Patwouy Lapolis Eta New York, Nicholas F. Clark: Jou 2 Jiyè a, Manm Patwouy Clark, lòt Manm Patwouy yo ak anplwaye ki soti nan Biwo Cherif Konte Steuben lan ak nan Depatman Lapolis Corning lan te reponn a yon rapò sou yon moun ki potansyèlman vle touye tèt li nan vil Erwin. Nan travay ansanm, ofisye yo te tabli yon perimèt epi yo te tante kontakte moun lan, ki te kòmanse tire sou Manm Patwouy Clark ak yon Sou-chèf Biwo Cherif la. Plizyè rafal bal te frape Manm Patwouy Clark, epi li te mouri akòz blesi li te sibi yo.

Ofisye Depatman Lapolis Port Chester, Michael Sprague: Jou 10 Oktòb la, Ofisye Sprague ak lòt ofisye yo te reponn a yon katouch yo te tandè ki tire nan yon rezidans. Yon moun te rele 9-1-1, li t rapòte ke yon moun ki soufri twoub emonasyonèl te tire yon fizi nan lokalite a, an prezans twa timoun ak yon fanm. Yo te tame yon misyon sovta. Ofisye Sprague te itilize de boukliye balistik pou bloke eskalye a, ki te pèmèt yon lòt ofisye sove twa timoun yo ki te nan yon chanm akouche nan dezyèm etaj la. Apresa, Ofisye Sprague te eseye sove fanm lan ki te nan twazyèm etaj la ansanm ak nonm ak zam lan. Apre yon enpas kontwontasyon entans, Ofisye Sprague te negosye pou fè nonm ak zam lan rann tèt li.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)